

# DOKIMAN BRIGHT FUTURES ► PARAN

## VIZIT 2 ANE

Men kèk lide ekspè Bright Futures yo genyen ki ka gen anpil valè pou fanmi ou.

### ✓ KIJAN FANMI OU YE

- Pran tan pou tèt ou ak patnè ou.
- Rete an kontak ak zanmi.
- Fè tan pou aktivite fanmi an. Pase tan ak chak timoun.
- Aprann pitit ou pou pa frape, mòde, oswa fè lòt moun mal. Aji jan ou vle ti moun ou an aji ak lòt moun
- Si ou santi ou pa an sekirite la kay ou oswa ou moun te blese ou fè nou konnen. Liy dirèk ak resous kominotè yo ka bay èd konfidansyèl tou.
- Pa bwe alkol, pa pran dwog.
- Aksepte èd nan men fanmi ak zanmi.
- Si ou enkyete w pou fason w ap viv oswa pou manje, chèche èd. Ajans kominotè ak pwogram tankou WIC ak SNAP ka bay enfòmasyon ak asistans.

### ✓ PALE AK PITIT OU

- Sèvi ak langaj klè, senp avèk pitit ou. Pa sèvi ak pale tibebe.
- Pale dousman epi sonje ke li ka pran yon ti tan pou pitit ou reponn. Pitit ou a ta dwe kapab swiv enstriksyon ki senp.
- Li pou pitit ou chak jou. Pitit ou a ka renmen tandè menm istwa a anpil fwa.
- Pale sou foto yo epi dekri foto yo nan liv yo.
- Pale sou bagay ou wè ak tandè lè nou ansanm.
- Mande pitit ou pou lonje dwèt sou bagay yo pandan w ap li.
- Kanpe yon istwa pou fè pitit ou fè yon son bèt oswa fini yon pati nan istwa a.

### ✓ KONPÒTMAN PITIT OU A

- Fè lwanj pou pitit ou lè li fè sa ou mande l fè.
- Koute epi respekte pitit ou. Atann pou lòt moun yo fè sa tou.
- Ede pitit ou pale sou santiman li.
- Gade ki jan li reyaji ak nouvo moun oswa sitiyasyon.
- Li, pale, chante, epi eksplòre ansanm. Aktivite sa yo se pi bon fason pou ede timoun piti aprann.
- Pa kite timoun ou an gade televizyon oswa jwe ak tablet oswa telefon selile plis ke 1 èdtan pa jou.
  - Li pi bon pou timoun piti yo jwe pase gade televizyon.
  - Ankouraje pitit ou jwe jiska 60 minit pa jou.
- Evite televizyon pandan manje. Pale ansanm pito.

### ✓ FÒMASYON POU TWALET

- Kòmanse fòmasyon pou twalèt lè pitit ou pare. Siy ke li pare pou fòmasyon pou twalèt gen ladan yo
  - Rete sèk pou 2 èdtan
  - Konnen si li mouye oswa sèk
  - Ka rale pantalon desann ak monte
  - Vle aprann
  - Kapab di ou si li vle pipi oswa tata
- Prevwa poz twalèt souvan. Timoun yo itilize twalèt la otan ke 10 fwa chak jou.
- Aprann pitit ou lave men li apre li fin itilize twalèt la.
- Netwaye chèz-twalèt yo apre chak itilizasyon.
- Mennen timoun nan chwazi kilot oswa kalson lè li santi li pare pou fè sa.

# VIZIT 2 ANE—PARAN



## SEKIRITE

- Asire w ke chèz sekirite machin pitit ou ap fè fas ak dèyè jiskaske li rive nan pi gwo pwa oswa wotè fabrikan chèz sekirite machin lan otorize. Yon fwa pitit ou rive nan limit sa yo, li lè pou chanje chèz la nan pozisyon gade devan.
- Asire w ke chèz sekirite machin lan enstale kòrèkteman nan chèz dèyè a. Kouwa yo ta dwe konfòtab sou pwatrin pitit ou.
- Timoun yo gade sa ou fè. Tout moun ta dwe mete yon senti janm ak zepòl nan machin nan.
- Pa janm kite pitit ou pou kont li lakay ou oswa nan lakou ou, sitou tou pre vwati oswa machin, san yon granmoun responsab an chaj.
- Lè w ap fè bak soti nan garaj la oswa w ap kondwi nan antre kay la, fè yon lòt granmoun kenbe pitit ou yon distans ki an sekirite pou li pa nan chemen machin ou an.
- Fè pitit ou mete yon kas ki adapte byen lè l ap monte bisiklèt ak bisiklèt twa wou.
- Si li nesèsè kenbe yon zam nan kay ou, sere li byen lwen, dechaje avek bal yo a pa.

## KISA POU KAP VINI NAN VIZIT 2 LANE EDMI ANE TIMOUN OU AN

### Nou pral pale avek ou sou:

- Kreye woutin fanmi yo
- Ede pitit ou a apran pale
- Antann li ak lòt timoun yo
- Prepare pou lekòl matènèl
- Kenbe pitit ou an sekirite lakay ou, deyò, ak nan machin nan

Bagay ki konsistan ak *Bright Futures: Guidelines for Health Supervision of Infants, Children, and Adolescents, 4th Edition*

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan <https://brightfutures.aap.org>.

American Academy of Pediatrics

DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



Enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa dwe itilize kòm yon ranplasan pou swen medikal ak konsèy pedyat ou. Ka gen varyasyon nan tretman ke pedyat ou ka rekòmande ki baze sou reyalyte ak sikonstans endividyèl. Dokiman orijinal enkli kòm yon pati nan *Bright Futures Tool and Resource Kit, 2nd Edition*.

Enklizyon nan dokiman sa a pa vle di yon andòsman de American Academy of Pediatrics (AAP). AAP pa responsab pou kontni resous ki mansyone nan dokiman sa a. Adrès sit entènèt ki pibliye yo aktyèl, men yo ka chanje a nenpòt ki lè.

American Academy of Pediatrics (AAP) pa revize oswa andose okenn modifikasyon ki fèt nan dokiman sa a epi nan okenn ka AAP a pa dwe responsab pou nenpòt ki chanjman sa yo.

Tradiksyon sa a te posib gras ak gwo sipò manm yo, anplwaye yo, ak biznis ki fè don pou AAP Friends of Children Fund. Haitian Creole translation of *Bright Futures Parent Handout: 2 Year Visit*. © 2019 American Academy of Pediatrics.

© 2022 American Academy of Pediatrics. Tout dwa rezève a otè a.